**Темэр: БжыгъэцIэм и мыхьэнэр.**

**Мурадымрэ къалэнхэмрэ.**

Къалэнхэр:

-бжыгъэцIэхэр пэжу ттхыуэ зедгъэсэн;

-ди бзэм пэжу къыщыдгъэсэбэпыфу зедгъэсэн;

-БжыгъэцIэхэм ди гъащIэм щаIэ мыхьэнэр.

-Дэнэ деж дэ гъащIэм бжыгъэхэм дащыхуэзэр?

**Щэныгъэ ягъуэтынымкIэ.**

**Зезыгъэужь Iыхьэр.**

1.БжыгъэцIэхэр адрей псалъэ лъэпкъыгъуэхэм къыхагъэкIыфу егъэсэн.

2.БжыгъэцIэхэм я тхыкIэ хабзэхэр егъэщIэн.

3.БжыгъэцIэхэр падежкIэ зэрахъуэкIыфу зрагъасэ.

**Гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ.**
1.ЕджакIуэхэм захегъэщIэн зыр зым дэIэпыкъун зэрыхуейр.

2.Хэкум и тхыдэр щIэн зэрыхуейр зэхащIэн. Дыкъэзыухъуреихь дунейм и дахагъэр зэхащIэу, а дахагъэр псалъэ дахэкIэ къыжаIэфу есэн.

3.Предметхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэр зэхегъэщIэн.

**Урокым и кIэм дызыхуэкIуэнур.**

**Предметнэ:** бжыгъэцIэхэм я разрядхэр зэхагъэкIыфу, бжыгъэцIэхэр тхыбзэми, жьабзэми щыуагъэншэу къыщагъэсэбэпыфу, бжыгъэцIэхэр хэту текст зэхалъхьэфу есэн.

**Метапредметнэхэр**. Я гупсысэхэр тыншу къаIуэтэфу, текстыр зэрызэхалъхьэ хабзэхэр ящIэу есэн.

## Урокым и екIуэкIыкIэр

**Хуэзыгъэхьэзыр.**
**ЕгъэджакIуэм.** Фи махуэ фIыуэ, цIыкIухэ!
**ЕджакIуэхэм.** НэхъыфIыжу!

Ди нобэрей дерсым сыфщогугъу нэжэгужэу, гукъыдэж фиIэу, жыджэру фылэжьэну.
**1.**Ауэ дызэдэлэжьэн ипэкIэ, гуп-гупурэ зыдгуэшын хуейщи, мы смайлик цIыкIухэр къэдгъэсэбэпурэ зыдгуэшынущ.
Мыхэр псори я плъыфэкIэ зэхуэдэкъым. Зыр уафэ къащхъуэм и плъыфэщ. Адрейр дыгъэм ещхьу гъуэжьщ. Ещанэр щIылъэ щхъуантIэм и плъыфэщ.
Смайлик къащхъуэр зигу ирихьахэм ахэр къафщти фэ зы гуп фыхъунщ,смайлик гъуэжь зигу ирихьахэр етIуанэ гуп хъунщ, смайлик щхъуантIэ къэзыщтэхэр ещанэ гуп тщIынщ.
ЕджакIуэхэр къыдэкIыурэ смайлик цIыкIухэр къащтэ, плъыфэ къыхахам елъытауэ я тIысыпIэхэр яхъуэжри, гупищ мэхъу.
Гупхэр хьэзыр щыхъуакIэ, япэ лэжьыгъэм щIыдодзэ.

**ЕгъэджакIуэм:**
ЦIыкIухэ, фи партэхэм псалъэхэр зэрыт карточкэхэр телъщ. Фэ фи лэжьыгъэр – карточкэхэр письмоулъэм дэлъхьэнырщ, псалъэр зыщыщ псалъэ лъэпкъыгъуэм ехьэлIауэ. Псори зэгъусэу дыздэлэжьэнущ, дэтхэнэ зыри жыджэру зэрылэжьэным фыхущIэкъу.

Письмоулъэхэм тетхахэм девгъэплъыт. Псалъэ лъэпкъыгъуэхэм щыщу фэ фымыцIыху къыхэкIмэ, лъэныкъуэкIэ фогъэтIылъ.

Деплъынщ лэжьыгъэр зэрывгъэзэщIам.

I гуп-фыкъеджэт, сыт хуэдэ псалъэхэр дэфлъхьа «ЩыIэцIэ» зытет письмоулъэм.

Псалъэхэм къоджэ: губгъуэ, дыгъэ, мэз, жыг, джэду, Маринэ, стIол, партэ, тхылъылъэ, бостей, унэ, мыщэ.

Фыпсэу, цIыкIухэ, фыарэзы псори? Зыгуэр дыщIызыгъун къыфхэт?

Иджы фи гупым щыщ гуэрым къызжефIэт щыIэцIэкIэ зэджэр. Хэт къызжиIэн?

Сабийхэм я жэуапыр: щыIэцIэм предмет къегъэлъагъуэ. Ар жэуап хуохъу хэт? е сыт? упщIэхэм.

2 гуп-фыкъеджэт, сыт хуэдэ псалъэхэр дэфлъхьа «ПлъыфэцIэ» зытет письмоулъэм.

Псалъэхэм къоджэ: плъыжь, дахэ, хуабэ, къабзэ, ин, цIыкIу, гъуабжэ, баринэ, лъагэ, къащхъуэ.

Фыпсэу, цIыкIухэ, фыарэзы псори? Зыгуэр дыщIызыгъун къыфхэт?

Иджы фи гупым щыщ гуэрым къызжефIэт плъыфэцIэкIэ зэджэр. Хэт къызжиIэн?

Сабийхэм я жэуапыр: плъыфэцIэм предметым и щытыкIэ къегъэлъагъуэ. Ар жэуап хуохъу сыт хуэдэ?, дэтхэнэ?, дэтхэнэрей? упщIэхэм.

2 гуп-фыкъеджэт, сыт хуэдэ псалъэхэр дэфлъхьа «Глагол» зытет письмоулъэм.

Псалъэхэм къоджэ: псэлъэн, жэн, кIэлъыкIуэн, пщэфIэн, кIэрыгъэпщIэн, зыкIэрыгъэщIэн, бгъэдыхьэн, гъэкъэбзэн, дын, щыгуфIыкIын.

Иджы фи гупым щыщ гуэрым къызжефIэт глаголкIэ зэджэр. Хэт къызжиIэн?

Сабийхэм я жэуапыр: плъыфэцIэм предметым илэжьыр е къыщыщIыр къегъэлъагъуэ. Ар жэуап хуохъу сыт ищIэр?, сыт къыщыщIыр?, упщIэхэм.

Фыпсэу, пэж дыдэщ. Фыарэзы псори? Зыгуэр дыщIызыгъун къыфхэт?

Иджы девгъэплъыт, цIыкIухэ, сыт хуэдэ псалъэхэр къэна?
Псалъэхэм йоджэ: зы тху, пщIы. плIы, тIощI, щэщI.
Дэ ди къалэныр мы псалъэхэр сыт хуэдэ псалъэ лъэпкъыгъуэми къэтщIэн хуейуэ ращ.
Сыту пIэрэ мы псалъэхэм къагъэлъагъуэр. ИIэт девгъэгупсысыт.
Жэуапыр: бжыгъэ къагъэлъагъуэ.
Сыт бжыгъэхэр къэбгъэсэбэпурэ пщIэ хъунур
Предметхэм я бжыгъэр е ахэр зэрызэкIэлъыкIуэр къыпхуэщIэнущ.
Щапхъэхэр къэдывгъэхьыт: фи классым еджакIуэ дапщэ щIэс икIи сыт хуэдэ тIысыпIэхэм ахэр щыс?

ЕгъэджакIуэ: Дэ нобэ къэтщIащ а псалъэхэм предметхэм я бжыгъэр е ахэм я зэкIэлъыкIуэкIэр къызэрагъэлъагъуэр.
СыткIэ деджэ хъуну пIэрэ апхуэдэ псалъэхэм
**ЕджакIуэ:** Ар псалъэ лъэпкъыгъуэщ. БжыгъэцIэщ.

**2.**Девгъэплъыт доскам ит усэм

Дэ ди классым
ЦIыхуу щIэсыр
Классым щIэзми,
Хэткъым зы
Щымыгъуазэу
Зыр зэ къапщтэм
Зэрымыхъур занщIэу пщIы.
ПщIы щыхъунур
Зыр зэ къапщтэу

КъыщIэкIам
Хэплъхьэжмэщ бгъу.
Ауэ дэнэ зыдэщыIэр
Зы къэтщтам
Хэтлъхьэну бгъур?
Ар диIарэ
Хэтлъхьэжамэ.
ДиIэ хъуат
ИтIанэ пщIыр.

Усэм бжыгъэ зыхэт псалъэхэр къыщыгъуэтын.

- Сыт хуэдэ бжыгъэ мы псалъэхэм хэтыр?

- Зы, пщIы, бгъу.

- Сыт мыбыхэм псалъэ лъэпкъыгъуэкIэ дызэреджэр?

-БжыгъэцIэщ.

Фэ къэфщIащ нобэ дызытепсэлъыхьынур. Идывгъатхэт темэм и цIэр тетрадхэм.

Сыт бжыгъэцIэкIэ дызэджэр?

Предметхэм я бжыгъэр е предметхэр щабжкIэ ахэр зэрызэкIэлъыкIуэр къэзыгъэлъагъуэ бжыгъэхэм бжыгъэцIэкIэ йоджэ.

**Дэ бжыгъэхэм махуэ къэс дахуозэ.**

**3.** АтIэ зэпеуэхэм щIэддзэнти: гупитIу зыдогуэш. Зы гупым къащIэн хуейр къагупсыс, адрейхэм абы и жэуапыр къат. Псалъэм папщIэ, сэ жызоIэ:
Iэр Iэпхъуамбэу…адрейм къыпещэ: тху мэхъу.
I гуп II гуп
Тумэну пщIыр сомищэ мохъу
Илъэсу щэр зы лIэщIыгъуэ мэхъу
Дакъикъэу хыщIыр зы сыхьэт мэхъу
Жэщ – махуэ щэщIыр зы мазэ мэхъу

Илъэсу щитхур лIэщIыгъуитху мэхъу
Дакъикъэу щищыр сыхьэтитху мэхъу

ЕгъэджакIуэм: ФIы дыдэу фылэжьащ. Тэмэмщ. АтIэ иджы II гупым ята жэуапхэм девгъэплъыт. «Зы» бжыгъэцIэр щыIэцIэм и дэнэ лъэныкъуэкIэ щыт? (И пэкIэ щытщ) адрейхэр щыIэцIэм и ужькIэ щытщ», - жиIэу езыхэм вывод идогъэщI, щапхъэхэм еплъкIэрэ.

**4.- Иджы** дывгъэджэгут. Сэ упщIэ жызоIэ фэ жэуапыр фи тетрадхэм ивотхэ.

**Сыт хуэдэ илъэсым** укъалъхуа?

Укъыщалъхуа мазэр.

Илъэс дапщэ ухъурэ?

Сыт хуэдэ еджапIэра ущеджэр?

Едапщанэ классра ущеджэр?

Нобэ урок дапщэ уиIэр?

Фи классым хъыджэбз цIыкIу дапщэ щIэсыр?

ЩIалэ цIыкIуу дапщэ?

Едапщанэ партэ уздэщысыр?

**ТIурытIу зэгъусэу ягъэзащIэ лэжьыгъэ.**

Иджы къэфхутэт къывбгъэдэсымрэ фэрэ хэт нэхъыжьми, дапщэкIэ фызэрынэхъыжьыр? Мазэ бжыгъэмрэ махуэмрэ къыжыIэн.

**5.-** БжыгъэцIэхэр я къэхъукIэ я зэхэтыкIэ елъытауэ гуп дапщэу игуэшрэ? Доскам ит псалъэхэм еплъурэ вывод щIын.

- БжыгъэцIэхэр гупиплIу егуэш:

| Зэрабж | ЗэрызэкIэлъыкIуэ | Зэрагуэш | Къутахуэ |
| --- | --- | --- | --- |
| тIу | етIуанэ | тIурытI | щанэ |
| щы | еплIанэ | щырыщ | плIанэ |

| | | | |
|---|---|---|---|
| тIощI | епщыкIузанэ | ТIощI-тIощI | тхуанищ |

**6.БжыгъэцIэхэр къыхэфтхыкI, зыхуэдэ лIэужьыгъуэр вгъэбелджылы, псалъэухам зэрыхэува пкъыгъуэр жыфIэ.**

Унэ ебланэм къыпыщIыхьауэ зы чэт къыпытщ, абы щIэтщ зы тIы хужьрэ зы тIы фIыцIэрэ. Чэтым ущIыхьэрэ тIы хужьым зытебдзэмэ, щIы къатиблкIэ удридзеинурэ дунейм утридзэжынущ, тIы фIыцIэм зытебдзэмэ, щIы къатиблкIэ уридзыхынущ. Ар жиIэри хъыджэбз нэхъыщIэри матэм кърагъэтIысхьэри къыдрахьеижащ.

**«Мыщэ и къуэ Батыр» таурыхъым щыщ пычыгъуэ.**

**7**.- Я зэхэтыкIэ елъытауэ бжыгъэцIэхэр дауэ зэщхьэщыкIрэ?

- Я зэхэтыкIэ елъытауэ бжыгъэцIэхэр щыуэ зэщхьэщокI: къызэрыкIуэ, зэхэлъ, зэхэт (простые, сложные, составные) Щапхъэ: зы, пщыкIущ, тIощIрэ тIу.

Доскам.

| КъызэрыкIуэ | Зэхэлъ | Зэхэт |
|---|---|---|
| блы | пщыкIущ | ЩэщIрэ тIурэ |
| еянэ | зыщыплI | ЩитIрэ тIощIрэ тIурэ |
| мин | хырых | ЩэрэплIыщIрэ зырэ |

**8.**ЩыIэцIэмрэ бжыгъэцIэмрэ зэгъусэу къеджэн.

Тхылъ(2), жыг(4), шы(6), стIоли(I0), мэл(I00).

**9.Зыщагъэпсэху Iыхьэ.**

Зэрабж бжыгъэцIэ жысIэмэ фыкъотэдж. ЗэрызэкIэлъыкIуэ жысIэмэ фыщысщ.

**I0.** АтIэ иджы дывгъэджэгут, цIыкIухэ.

ЕгъэджакIуэм: Сэ бжыгъэцIэр жызоIэ, фэ а бжыгъэцIэр зыхэт псалъэжьыр жывоIэ. Нэхъ япэ жызыIэр токIуэ.
ЕгъэджакIуэм: ЕджакIуэм:
Зы! Зы цIыхум зы цIыхур и шхэпсщ.
Зы хьэнэф зы хьэнэф и пщыжщ.
И зыгъазэ зы мазэщ.
ТIу! НитIыр зэхуэмыдэмэ, зэблоплъ.
ЗэкъуэшитIрэ дзитI зыIутрэ.
Зэхьэзэхуэ мэунэри, зэижитI мэунэхъу
Щы! Iэнэр лъакъуищми, щытщ.
ПлIы! Жэм быдзиплIыр зэхуэдэмэ, гъэшыфIэщ.
Тху! Iэпхъуамбитхум дэтхэнэр хэбдзын.
Хы! Гъэрихым шэси ежьэж.
Блы! Вагъуэзэшиблым загъазэмэ
нэху мэщ.
И! Вэрэвийр зэгурымыIуэмэ,
мэващхъуэ.
Бгъу! Бгъу хъуамэ,зы къэтыжщ.
ПщIы! ЩышхэкIэ IэпхъуэмбипщIщ,
щылажьэкIэ Iэпхъуамбитхутщ.
IэпхъуамбипщIыр псэумэ IитIри
узыншэщ.
- АтIэ, цIыкIухэ, мы псалъэжьхэм I-м щыщIэдзауэ пщIым нэс къыщытхьащи я тхыкIэм теухауэ сыт жыIапхъэ?
ЕджакIуэм: зы – щыIэцIэм и пэкIэ пыхауэ дотх.
2-I0 щыIэцIэм и ужькIэ пыту дотх.
(Мы псалъэжьхэм щыщу зы тхын, псалъэр морфологическэу зэпкърыхын.
НитIыр – бжыгъ., зэрабжщ, эрг. пад. итщ, дапщэ? упщIэм жэуап хуохъу, щыIэцIэм пыту ятх.

**II. Псалъэухам хэт бжыгъэцIэр зэрыхэува пкъыгъуэр къэгъэлъэгъуэн.**

ЩоджэнцIыкIу Алий I990 гъэм къалъхуащ.

Тхылъу къашар тIощIщ.

Сэ еханэ классым сыщоджэ.

**1.КарточкэкIэ диктант егъэтхын.**

**6, 9, I5, I7, 20, I50, 53, I983, 2009.**

**2. Яджар егъэбыдылIэн.**

Лэжь.I34– тхыгъэкIэ гъэзэщIэн.

**3.КъызэщIэзыкъуэж лэжьыгъэ.**

Зы мыIэрысей жыгышхуэ щытщ. Абы къудамэ пщыкIущ тетщ. Къудамэ пщыкIутIым мыIэрысэ хырых япытщ. МыIэрысэхэм я зы джабэр хужьщ, адрей джабэр фIыцIэщ. ЕпщыкIущанэ къудамэм зы мыIэрыси къыпыкIакъым. МыIэрысэ дапщэ пыт къудамэ пщыкIутIым?

Иджы IуэрыIуатэм щыщ таурыхъхэмрэ псысэхэмрэ дигу къэдгъэкIыжынщ.БжыгъэцIэ хатхэр къэтхутэнщ.

**4.Оценкэ гъэувын.**

**5.Унэ лэжьыгъэ етын. ЛэжьыгъэI38.**

Ди щIыпIэм щыпсэу псэущхьэхэм теухуауэ Интернетым текст къыщыгъуэтын, бжыгъэцIэ хэтмэ, зыхуэдэр, псалъэухам зэрыхэува пкъыгъуэр гъэбелджылын.

## Темэр: БжыгъэцIэм и мыхьэнэр.

**Мурадымрэ къалэнхэмрэ.**

Къалэнхэр:

-бжыгъэцIэхэр пэжу ттхыуэ зедгъэсэн;

-ди бзэм пэжу къыщыдгъэсэбэпыфу зедгъэсэн;

-БжыгъэцIэхэм ди гъащIэм щаIэ мыхьэнэр.

-Дэнэ деж дэ гъащIэм бжыгъэхэм дащыхуэзэр?

**Щэныгъэ ягъуэтынымкIэ.**

**Зезыгъэужь Iыхьэр.**

I.БжыгъэцIэхэр адрей псалъэ лъэпкъыгъуэхэм къыхагъэкIыфу егъэсэн.

2.БжыгъэцIэхэм я тхыкIэ хабзэхэр егъэщIэн.

3.БжыгъэцIэхэр падежкIэ зэрахъуэкIыфу зрагъасэ.

**Гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ.**

I.ЕджакIуэхэм зэхегъэщIэн зыр зым дэIэпыкъун зэрыхуейр.

2.Хэкум и тхыдэр щIэн зэрыхуейр зэхащIэн. Дыкъэзыухъурейхь дунейм и дахагъэр зэхащIэу, а дахагъэр псалъэ дахэкIэ къыжаIэфу есэн.

3.Предметхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэр зэхегъэщIэн.

**Урокым и кIэм дызыхуэкIуэнур.**

**Предметнэ:** бжыгъэцIэхэм я разрядхэр зэхагъэкIыфу, бжыгъэцIэхэр тхыбзэми, жьабзэми щыуагъэншэу къыщагъэсэбэпыфу, бжыгъэцIэхэр хэту текст зэхалъхьэфу.

**Метапредметнэхэр**. Я гупсысэхэр тыншу къаIуэтэфу, текстыр зэрызэхалъхьэ хабзэхэр ящIэу.

## Урокым и екIуэкIыкIэр.

**Хуэзыгъэхьэзыр**

**ЕгъэджакIуэм.** Фи махуэ фIыуэ, цIыкIухэ!
**ЕджакIуэхэм.** НэхъыфIыжу!
Ди нобэрей дерсым сыфщогугъу нэжэгужэу, гукъыдэж фиIэу, жыджэру фылэжьэну.
Ауэ дызэдэлэжьэн ипэкIэ, гуп-гупурэ зыдгуэшын хуейщи. Мы смайлик цIыкIухэр къэдгъэсэбэпурэ зыдгуэшынущ.
Мыхэр псори я плъыфэкIэ зэхуэдэкъым. Зыр уафэ къащхъуэм и плъыфэщ. Адрейр дыгъэм ещхьу гъуэжьщ. Ещанэр щIылъэ щхъуантIэм и плъыфэщ.

Смайлик къащхъуэр зигу ирихьахэм ахэр къафщти фэ зы гуп фыхъунщ, смайлик гъуэжь зигу ирихьахэр етIуанэ гуп хъунщ, смайлик щхъуантIэ къэзыщтэхэр ещанэ гуп тщIынщ.
ЕджакIуэхэр къыдэкIыурэ смайлик цIыкIухэр къащтэ, плъыфэ къыхахам елъытауэ я тIысыпIэхэр яхъуэжри. Гупищ мэхъу.
Гупхэр хьэзыр щыхъуакIэ, япэ лэжьыгъэм щIыдодзэ.

**ЕгъэджакIуэм:**
ЦIыкIухэ, фи партэхэм псалъэхэр зэрыт карточкэхэр телъщ. Фэ фи лэжьыгъэр – карточкэхэр письмоулъэм дэлъхьэнырщ, псалъэр зыщыщ псалъэ лъэпкъыгъуэм ехьэлIауэ. Псори зэгъусэу дыздэлэжьэнущ, дэтхэнэ зыри жыджэру зэрылэжьэным фыхущIэкъу.

Письмоулъэхэм тетхахэм девгъэплъыт. Псалъэ лъэпкъыгъуэхэм щыщу фэ фымыцIыху къыхэкIмэ, лъэныкъуэкIэ фогъэтIылъ.

Деплъынщ лэжьыгъэр зэрывгъэзэщIам.

I гуп-фыкъеджэт, сыт хуэдэ псалъэхэр дэфлъхьа «ЩыIэцIэ» зытет письмоулъэм.

Псалъэхэм къоджэ: губгъуэ, дыгъэ, мэз, жыг, джэду, Маринэ, стIол, партэ, тхылъылъэ, бостей, унэ, мыщэ.

Фыпсэу, цIыкIухэ, фыарэзы псори? Зыгуэр дыщIызыгъун къыфхэт?

Иджы фи гупым щыщ гуэрым къызжефIэт щыIэцIэкIэ зэджэр. Хэт къызжиIэн?

Сабийхэм я жэуапыр: щыIэцIэм предмет къегъэлъагъуэ. Ар жэуап хуохъу хэт? е сыт? упщIэхэм.

2 гуп-фыкъеджэт, сыт хуэдэ псалъэхэр дэфлъхьа «ПлъыфэцӀэ» зытет письмоулъэм.

Псалъэхэм къоджэ: плъыжь, дахэ, хуабэ, къабзэ, ин, цӀыкӀу, гъуабжэ, баринэ, лъагэ, къащхъуэ.

Фыпсэу, цӀыкӀухэ, фыарэзы псори? Зыгуэр дыщӀызыгъун къыфхэт?

Иджы фи гупым щыщ гуэрым къызжефӀэт плъыфэцӀэкӀэ зэджэр. Хэт къызжиӀэн?

Сабийхэм я жэуапыр: плъыфэцӀэм предметым и щытыкӀэ къегъэлъагъуэ. Ар жэуап хуохъу сыт хуэдэ? дэтхэнэ?, дэтхэнэрей? упщӀэхэм.

2 гуп-фыкъеджэт, сыт хуэдэ псалъэхэр дэфлъхьа «Глагол» зытет письмоулъэм.

Псалъэхэм къоджэ: псэлъэн, жэн, кӀэлъыкӀуэн, пщэфӀэн, кӀэрыгъэпщӀэн, зыкӀэрыгъэщӀэн, бгъэдыхьэн, гъэкъэбзэн, дын, щыгуфӀыкӀын.

Иджы фи гупым щыщ гуэрым къызжефӀэт глаголкӀэ зэджэр. Хэт къызжиӀэн?

Сабийхэм я жэуапыр: глаголым предметым илэжьыр е къыщыщӀыр къегъэлъагъуэ. Ар жэуап хуохъу сыт ищӀэр?, сыт къыщыщӀыр?, упщӀэхэм.

Упсэу, пэж дыдэщ. Фыарэзы псори? Зыгуэр дыщӀызыгъун къыфхэт?

Иджы девгъэплъыт, цӀыкӀухэ, сыт хуэдэ псалъэхэр къэна?
Псалъэхэм йоджэ: зы тху, пщӀы. плӀы, тӀощӀ, щэщӀ.
Дэ ди къалэныр мы псалъэхэр сыт хуэдэ псалъэ лъэпкъыгъуэми къэтщӀэн хуейуэ аращ.
Сыту пӀэрэ мы псалъэхэм къагъэлъагъуэр. ИӀэт девгъэгупсысыт.
Жэуапыр: бжыгъэ къагъэлъагъуэ.
Сыт бжыгъэхэр къэбгъэсэбэпурэ пщӀэ хъунур
Предметхэм я бжыгъэр е ахэр зэрызэкӀэлъыкӀуэр къыпхуэщӀэнущ.
Щапхъэхэр къэдывгъэхьыт: фи классым еджакӀуэ дапщэ щӀэс икӀи сыт хуэдэ тӀысыпӀэхэм ахэр щыс

ЕгъэджакӀуэ: Дэ нобэ къэтщӀащ а псалъэхэм предметхэм я бжыгъэр е ахэм я зэкӀэлъыкӀуэкӀэр къызэрагъэлъагъуэр.
СыткӀэ деджэ хъуну пӀэрэ апхуэдэ псалъэхэм
**ЕджакӀуэ:** Ар псалъэ лъэпкъыгъуэщ. БжыгъэцӀэщ.

Девгъэплъыт доскам ит усэм

Дэ ди классым
ЦӀыхуу щӀэсыр
Классым щӀэзми,
Хэткъым зы
Щымыгъуазэу

КъыщӀэкӀам
Хэплъхьэжмэщ бгъу.
Ауэ дэнэ зыдэщыӀэр
Зы къэтщтам
Хэтлъхьэну бгъур?

Зыр зэ къапщтэм
Зэрымыхъур занщIэу пщIы.
ПщIы щыхъунур
Зыр зэ къапщтэу

Ар диIарэ
Хэтлъхьэжамэ.
ДиIэ хъуат
ИтIанэ пщIыр.

I.Усэм бжыгъэ зыхэт псалъэхэр къыщыгъуэтын.

- Сыт хуэдэ бжыгъэ мы псалъэхэм хэтыр?

- Зы, пщIы, бгъу.

- Сыт мыбыхэм псалъэ лъэпкъыгъуэкIэ дызэреджэр?

-БжыгъэцIэщ.

Фэ къэфщIащ нобэ дызытепсэлъыхьынур. Идывгъатхэт темэм и цIэр тетрадхэм.

Сыт бжыгъэцIэкIэ дызэджэр?

Предметхэм я бжыгъэр е предметхэр щабжкIэ ахэр зэрызэкIэлъыкIуэр къэзыгъэлъагъуэ бжыгъэхэм бжыгъэцIэкIэ йоджэ.

**Дэ бжыгъэхэм махуэ къэс дахуозэ.**

**- Иджы** дывгъэджэгут. Сэ упщIэ жызоIэ фэ жэуапыр фи тетрадхэм ивотхэ.

**Сыт хуэдэ илъэсым** укъалъхуа?

Укъыщалъхуа мазэр.

Илъэс дапщэ ухърэ?

Сыт хуэдэ еджапIэра ущеджэр?

Едапщанэ классра ущеджэр?

Нобэ урок дапщэ уиIэр?

Фи классым хъыджэбз цIыкIу дапщэ щIэсыр?

ЩIалэ цIыкIуу дапщэ?

Едапщанэ партэ уздэщысыр?

**ТIурытIу зэгъусэу ягъэзащIэ лэжьыгъэ.**

Иджы къэфхутэт къывбгъэдэсымрэ фэрэ хэт нэхъыжьми, дапщэкIэ фызэрынэхъыжьыр? Мазэ бжыгъэмрэ махуэмрэ къыжыIэн.

**6. АтIэ зэпеуэхэм щIэддзэнти**: гупитIу зыдогуэш. Зы гупым къащIэн хуейр къагупсыс, адрейхэм абы и жэуапыр къат. Псалъэм папщIэ, сэ жызоIэ: Iэр Iэпхъуамбэу…адрейм къыпещэ: тху мэхъу.

I гуп II гуп
Тумэну пщIыр сомищэ мохъу
Илъэсу щэр зы лIэщIыгъуэ мэхъу
Дакъикъэу хыщIыр зы сыхьэт мэхъу
Жэщ – махуэ щэщIыр зы мазэ мэхъу
Илъэсу щитхур лIэщIыгъуитху мэхъу
Дакъикъэу щищыр сыхьэтитху мэхъу

ЕгъэджакIуэм: ФIы дыдэу фылэжьащ.

7. Тэмэмщ. АтIэ иджы II гупым ята жэуапхэм девгъэплъыт. «Зы» бжыгъэцIэр щыIэцIэм и дэнэ лъэныкъуэкIэ щыт? (И пэкIэ щытщ) адрейхэр щыIэцIэм и ужькIэ щытщ», - жиIэу езыхэм вывод идогъэщI, щапхъэхэм еплъкIэрэ.

- БжыгъэцIэхэр я къэхъукIэ я зэхэтыкIэ елъытауэ гуп дапщэу игуэшрэ? Доскам ит псалъэхэм еплъурэ вывод щIын.

- БжыгъэцIэхэр гупиплIу егуэш:

| Зэрабж | ЗэрызэкIэлъыкIуэ | Зэрагуэш | Къутахуэ |
|---|---|---|---|
| тIу | етIуанэ | тIурытI | щанэ |
| щы | еплIанэ | щырыщ | плIанэ |
| тIощI | епщыкIузанэ | ТIощI-тIощI | тхуанищ |

**БжыгъэцIэхэр къыхэфтхыкI, зыхуэдэ лIэужьыгъуэр вгъэбелджылы, псалъэухам зэрыхэува пкъыгъуэр жыфIэ.**

Унэ ебланэм къыпыщIыхьауэ зы чэт къыпытщ, абы щIэтщ зы тIы хужьрэ зы тIы фIыцIэрэ. Чэтым ущIыхьэрэ тIы хужьым зытебдзэмэ, щIы къатиблкIэ удридзеинурэ дунейм утридзэжынущ, тIы фIыцIэм зытебдзэмэ, щIы къатиблкIэ уридзыхынущ. Ар жиIэри хъыджэбз нэхъыщIэри матэм кърагъэтIысхьэри къыдрахьеижащ.

**«Мыщэ и къуэ Батыр» таурыхъым щыщ пычыгъуэ.**

- Я зэхэтыкIэ елъытауэ бжыгъэцIэхэр дауэ зэщхьэщыкIрэ?

- Я зэхэтыкIэ елъытауэ бжыгъэцIэхэр щыуэ зэщхьэщокI: къызэрыкIуэ, зэхэлъ, зэхэт (простые, сложные, составные) Щапхъэ: зы, пщыкIущ, тIощIрэ тIу.

Доскам.

| КъызэрыкIуэ | Зэхэлъ | Зэхэт |
|---|---|---|
| блы | пщыкIущ | ЩэщIрэ тIурэ |
| еянэ | зыщыплI | ЩитIрэ тIощIрэ тIурэ |
| мин | хырых | Щэрэ плIыщIрэ зырэ |

7) ЩыIэцIэмрэ бжыгъэцIэмрэ зэгъусэу къеджэн.

Тхылъ(2), жыг(4), шы(6), стIоли(I0), мэл(I00).

**Зыщагъэпсэху Iыхьэ.**

Зэрабж бжыгъэцIэ жысIэмэ. фыкъотэдж. ЗэрызэкIэлъыкIуэ жысIэмэ, фыщысщ.

8. АтIэ иджы дывгъэджэгут, цIыкIухэ.

ЕгъэджакIуэм: Сэ бжыгъэцIэр жызоIэ, фэ а бжыгъэцIэр зыхэт псалъэжьыр живоIэ. Нэхъ япэ жызыIэр токIуэ.
ЕгъэджакIуэм: ЕджакIуэм:
Зы! Зы цIыхум зы цIыхур и шхэпсщ.
Зы хьэнэф зы хьэнэф и пщыжщ.
И зыгъазэ зы мазэщ.
ТIу! НитIыр зэхуэмыдэмэ, зэблоплъ.
ЗэкъуэшитIрэ дзитI зыIутрэ.
Зэхьэзэхуэ мэунэри, зэижитI мэунэхъу
Щы! Iэнэр лъакъуищми, щытщ.
ПлIы! Жэм быдзиплIыр зэхуэдэмэ, гъэшыфIэщ.
Тху! Iэпхъуамбитхум дэтхэнэр хэбдзын.
Хы! Гъэрихым шэси ежьэж.
Блы! Вагъуэзэшиблым загъазэмэ
нэху мэщ.
И! Вэрэвийр зэгурымыIуэмэ,
мэващхъуэ.
Бгъу! Бгъу хъуамэ,зы къэтыжщ.
ПщIы! ЩышхэкIэ IэпхъуэмбипщIщ,
щылажьэкIэ Iэпхъуамбитхутщ.
IэпхъуамбипщIыр псэумэ IитIри
узыншэщ.
- АтIэ, цIыкIухэ, мы псалъэжьхэм I-м щыщIэдзауэ пщIым нэс къыщытхьаци я тхыкIэм теухауэ сыт жыIапхъуэ?
ЕджакIуэм: зы – щыIэцIэм и пэкIэ пыхауэ дотх.

2-I0 щыIэцIэм и ужькIэ пыту дотх.
(Мы псалъэжьхэм щыщу тIу тхын, псалъитI морфологическэу зэпкърыхын.
НитIыр – бжыгъ., зэрабжщ, эрг. пад. итщ, дапщэ? упщIэм жэуап хуохъу,
щыIэцIэм пыту ятх.
I0. АтIэ, цIыкIухэ, хъарзынэу дылэжьащ.

**8) Псалъэухам хэт бжыгъэцIэр зэрыхэува пкъыгъуэр къэгъэлъэгъуэн.**

ЩоджэнцIыкIу Алий I990 гъэм къалъхуащ.

Тхылъу къашар тIощIщ.

Сэ еханэ классым сыщоджэ.

**2.КарточкэкIэ диктант егъэтхын.**

**6, 9, I5, I7, 20, I50, 53, I983, 2009.**

**2. Яджар егъэбыдылIэн.**

Лэжь.I34– тхыгъэкIэ гъэзэщIэн.

**3.КъызэщIэзыкъуэж лэжьыгъэ.**

Зы мыIэрысей жыгышхуэ щытщ. Абы къудамэ пщыкIущ тетщ. Къудамэ пщыкIутIым мыIэрысэ хырых япытщ. МыIэрысэхэм я зы джабэр хужьщ, адрей джабэр фIыцIэщ. ЕпщыкIущанэ къудамэм зы мыIэрыси къыпыкIакъым. МыIэрысэ дапщэ пыт къудамэ пщыкIутIым?

Иджы IуэрыIуатэм щыщ таурыхъхэмрэ псысэхэмрэ дигу къэдгъэкIыжынщ.БжыгъэцIэ хатхэр къэтхутэнщ.

**IV.Оценкэ гъэувын.**

**V.Унэ лэжьыгъэ етын. ЛэжьыгъэI38.**

Ди щIыпIэм щыпсэу псэущхьэхэм теухуауэ Интернетым текст къыщыгъуэтын, бжыгъэцIэ хэтмэ, зыхуэдэр, псалъэухам зэрыхэува пкъыгъуэр гъэбелджылын.